

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novél *Lalangsé* karya Aam Amilia téh mangrupa karya sastra Sunda anu medal bulan April taun 1984. Novél anu diterbitkeun ku Pustaka Daséntra citakan ka-1 ieu téh dicitak ku PT. Manglé Panglipur. Novél *Lalangsé* ieu miboga carita anu unik, lantaran diwangun ku kekecapan, gaya basa, diksi nu pinuh harti jeung éstétika, ogé kaahéngan jero caritana.

Novél *Lalangsé* ieu téh nyaritakeun hiji tokoh nyaéta Sri Rahayu anu jadi guru di salasahiji sakola. Sri Rahayu boga salaki ngarana Ajat, anu ditugaskeun dinas di Timor. Jauhna Rahayu jeung Ajat, nimbulkeun rasa katunggaraan haté keur Rahayu. Dina waktu éta, aya carita asmara séjén antara Sri Rahayu jeung Jaka nu jadi muridna. Carita dimimitian ku muridna Sri Rahayu anu boga kahayang dina nanjeurkeun basa Sunda ku cara ngeusian mading sakola dina basa Sunda, tapi pihak sakola teu nyatujuan éta kahayang muridna lantaran ayana patelak paham antara kolot-kolot murid nu ti sélér séjén. Ayana konflik éta ngadeukeutkeun hubungan Sri Rahayu jeung muridna Jaka, ku sabab ngan saukur Rahayu anu ngadukung kahayang muridna téh. Dina ahir carita Rahayu jeung Jaka teu bisa ngahiji lantaran ayana kasadaran yén Rahayu geus boga salaki tangtu moal bisa ngahiji jeung Jaka muridna.

Aam Amilia lahir di Bandung, 21 Désémber 1946. Ieu pangarang téh salasahiji sastrawan, jurnalis, ogé pangarang wanoja Sunda nu kawilang produktif tur miboga peran penting dina sastra Sunda. Salian ti nulis cérpén jeung buku, anjeunna pernah ogé jadi rédaktur jeung wartawan di sababaraha media cetak basa Sunda jeung Indonésia, kaasup *Manglé*, *Hanjuang Bodas*, *Galura*, *Kudjang*, jeung *Pikiran Rakyat*. Aam Amilia ngamimitian nulis ti taun 1961, nepi ka ayeuna geus ratusan cérpén, ogé puluhan buku basa Sunda jeung Indonésia anu geus ditulis. Dina taun 1968, Aam Amilia jadi juara ka-1 dina saémbara ngarang IKAPI Jawa Barat, dina katagori bacaan déwasa basa Sunda. Dina taun 2015 jeung 2017, Aam meunang pangajén Hadiah Sastra Rancagé ti Yayasan Kabudayaan Rancagé. Hasil karya Aam Amilia anu médall dina basa Sunda diantaranya nyaéta *Samagaha* (1969),

Asmara Ngambah Sagara (1970), *Puputon* (1970), *Buron* (1980), *Diantara Tilu Jaman* (2017). Kaasup ogé buku *Lalangsé*. (Isnendes, 2017, kc. 50).

Novél *Lalangsé* moal leupas tina kaayaan sosial anu disanghareupan ku tokoh-tokohna, lantaran mangrupa karya cipta anu ngaékspresikeun rarasaan, jeung ngébréhkeun deui panitén, sarta pangalaman pangarang dina nyurahan masalah sosial anu disanghareupan. Lian ti éta, basa anu digunakeun dina ieu carita kapanggih dina kahirupan sapopoé. Upama ditiik dina segi sosial, novél *Lalangsé* jalan caritana ngébréhkeun kaayaan jalma anu ngarandapan konflik di lingkungan sakola.

Karya sastra pasti ngandung ajén-ajén pangajaran dina kahirupan sapopoé, ku kituna ieu hal téh bisa dijadikeun pikeun bahan motivasi keur kahirupan sapopoé. Ngaliwatan karya sastra anu ditulis ku pangarang, karya sastra ogé bisa digunakeun pikeun hiburan. Saluyu jeung anu ditepikeun ku A. Teeuw (2015, kc. 5) sastra miboga fungsi *Dulce et utile* nyaéta sastra miboga mangpaat pikeun ngahibur manusa. Ayana unsur-unsur kamanusaan kayaning ajén sosial jeung ajén moral dina carita bisa dijadikeun tetekon pikeun kolotna dina numuwuhkeun ogé ngajaga karakter anu hadé pikeun anakna (Sari, 2018, kc. 2). Lian ti jadi hiburan pikeun pamaca, sastra bisa jadi bahan pangajaran tina ajén-ajén anu ditepikeunana. Prosés kreatif pangarang waktu ngébréhkeun éksprésina diwadahan ku wangun tulisan atawa lisan. Ieu hal saluyu ogé jeung pamadegan Isnendes (2010a, kc.11) nu nétélakeun yén sastra minangka prosés kreatif anu mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana boh lisan boh tulisan. Éta betusna rasa anu ahirna jadi sastra téh diwadahan ku wadah anu dianggap merenah ku sastrawan, nyaéta dina wangun prosa, puisi, atawa naskah drama.

Karya sastra hususna novél pasti aya palaku atawa tokoh. Kapribadian dina unggal tokoh anu digambarkeun ku pangarang, biasana ngawakilan jiwa pangarangna, bisa ogé ngawakilan kapribadian jalma séjén. Kapribadian dina karya sastra, patali jeung hadé goréngna paripolah hiji jalma.

Panalungtikan ieu dilaksanakeun pikeun ngaguar struktur carita jeung psikologi sastra anu aya dina novél *Lalangsé* karya Aam Amilia. Salian ti éta, ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh dina hal pamahaman kana karya sastra dina widang kritik sastra hususna dina pasualan watek tokoh anu aya dina

karya sastra. Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ka pamaca dina hal kapribadian tokoh dina novél.

Nurutkeun Stanton (2012, kc. 20) Struktur dibagi jadi tilu unsur, nyaéta téma, fakta carita (galur, tokoh, jeung latar) jeung sarana carita (puseur panitén, gaya basa, suasana, simbol, imaji, jeung judul). Strukturalisme nyaéta pamarekan kana karya sastra nu miboga unsur-unsur anu ngawangun éta karya, nyaéta penokohan atawa perwatakan, tema, galur, puseur carita, latar, jeung gaya basa.

Salasahiji pamarekan nu bisa dipaké pikeun nganalisis kapribadian palaku nyaéta psikologi sastra. Psikologi ngabogaan fungsi pikeun nalungtik kajiwaan manusa, sedengkeun sastra mangrupa hasil tina kreativitas pangarang dina nyiptakeun hiji karya nu ngalibetkeun para palaku. Psikologi sastra nyaéta gabungan élmu psikologi jeung sastra. Psikologi sastra miboga pamikiran keur ngajadikeun manusa anu jadi wangun tina naluri-naluri jeung konflik batin (Melati spk, 2019, kc.231). Psikologi sastra mangrupa hasil kajiwaan pangarang anu diébréhkeun dina wangun karya sastra. Ku kituna, pamaca ogé miboga peran dina ngaprésiasi karya, pamaca teu lepas tina aktivitas kajiwaan. Psikologi sastra dipaké pikeun ngaguar tingkah laku palakuna anu bisa dianalisis dina psikologi sastra salian aspék kapribadian palaku dina carita, ogé bisa dianalisis kapribadian atawa kajiwaan pangarangna, sarta kapribadian atawa kajiwaan pamacana.

Abraham Maslow (dina Rachmahana, 2008) nétélakeun yén manusa miboga pangabutuh nu penting misalna jasmani nu asasi jeung pangabutuh éstétis séjénna. Maslow ogé nétélakeun ayana tingkatan kabutuhan nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh rasa aman, pangabutuh kanyaah, pangabutuh penghargaan, jeung pangabutuh aktualisasi diri. Maslow ogé nétélakeun ayana tingkatan kabutuhan nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh rasa aman, pangabutuh kanyaah, pangabutuh penghargaan, jeung pangabutuh aktualisasi diri.

Aya sabababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan nyaéta “Novél *Sérial Carita Silat Anjar* Karangan Achmad Rustandi (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik) ku Purnawati (2019)”. “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novél *Budak Teuneung* Karya Samsodi (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan)” ku Zulfikar Alamsyah (2020). “Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél *Pangantén* Karya Dédén Abdul Aziz (Ulikan Struktural jeung

Psikologi Humanistik) ku Ane Ainun Nurlaela (2021)”. nyaéta “Ulikan Struktur jeung Psikologi Sastra kana Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana ku Sandi Kusnadi (2021)”. “*Psikologi Tokoh dalam Novel Suti* karya Sapardi Djoko Damono *Psikologi Sastra* ku Utama (2019). “Naskah Drama *Kalangkang* Karya Nazarudin Azhar: Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra” ku Muhammad Febri Diantoro (2018). “Naskah Drama *Manusa Jero Botol* Sudaran Rosyid É. Abby (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” ku Tina Wiarsih (2018). “Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra dina Naskah Drama *Sémah* Sudaran Rosyid É. Abby” ku Tubagus Panji Rahmat (2020). “Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik dina Naskah Drama *Tukang Asahan* Karya Wahyu Wibisana” ku Salma Fakhira (2021). Panalungtikan nu ka sapuluh nyaéta “Novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra) ku Imas Siti Kulsum (2022)”.

Sanajan ieu panalungtikan téh sawanda jeung panalungtikan anu disebutkeun di luhur, tapi tangtu aya bédana nyaéta karya sastra anu dianalisisna jeung ambahan dina nganalisisna. Dina panalungtikan ieu subjékna nyaéta novél *Lalangsé* karya Aam Amilia, analisisna struktural nyoko kana tiori Robert Stanton jeung psikologi humanistik Abraham Maslow. Ku kituna ieu panalungtikan diberé judul “Novél *Lalangsé* Karya Aam Amilia (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik Abraham Maslow)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang nu geus dipedar, tangtu kudu diwatesanan dina rumusan masalah, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan saperti di handap ieu.

- 1) Kumaha struktur novél *Lalangsé* Karya Aam Amilia?
- 2) Aspék psikologi humanistik naon waé nu aya dina novél *Lalangsé* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung nu geus dipedar dina rumusan masalah, ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh aspék-aspék psikologi anu nyampak dina novél *Lalangé* Karya Aam Amilia. Anu satuluyna hasil panalungtikan téh dipihareup bisa ngarojong pangaweruh dina widang sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) mikanyaho Struktur anu kapanggih dina naskah drama *Lalangsé* Karya Aam Amilia;
- 2) mikanyaho unsur psikologi humanistik Abraham Maslow kana kamekaran sakabéh tokoh anu aya dina novél *Lalangsé* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dumasar anu geus dipedar, ieu panalungtikan téh miboga mangpaat sacara teoritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat tina segi Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan sastra Sunda, utamana novél *Lalangsé* karya Aam Amilia, ogé bisa ngeuyeuban jeung ngalegaan panalungtikan ngeunaan basa Sunda katut bisa ngaronjatkeun minat baca masarakat sangkan bisa terus ngaprésiasi karya sastra leuwih gemet deui.

1.4.2 Mangpaat tina segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nya éta:

- 1) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bari meunangkeun kumaha psikologi humanistik nu aya dina karyana;
- 2) pikeun mahasiswa sastra Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salasa hiji sumber informasi sarta bisa ngadeudeulan dina studi literatur sangkan bisa nambahan pangaweruh dina widang téori jeung kritik sastra;
- 3) pikeun masarakat umum, sangkan jadi pangajaran ngeunaan ajén-ajén kahirupan anu aya dina novél *Lalangsé* karya Aam Amilia.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi sababaraha bab, sistematika panalungtikanna nyaéta:

Bab I Bubuka, dina bubuka eusina ngawenku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu kabagi deui jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, salian ti éta aya mangpaat panalungtikan anu kabagi jadi dua nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, anu terakhir dina bab I aya raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, dina ulikan tiori eusina ngawengku teori-teori anu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan, anu aya patalina jeung masalah dina ieu panalungtikan. Panalungtikan saacanna jeung raraga mikir anu ngarojong kan ieu panalungtikan ogé dibahas dina ulikan teori.

Bab III Méthode Panalungtikan, dina méthode panalungrtikan eusina medar anu aya patalina jeung data-data anu aya dina ieu panalungtikan. Diantarana aya méthode panalungtikan, data jeung sumber data, cara ngumpulkeubn data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, dina hasil jeung pembahasan eusina medar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data anu patali jeung rumusan masalah, tujuan panlungtikan, ogé teori-teori anu dipaké dina ieu panaluntikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Dina kacindekan, implikasi, jeung rekomédasi eusina medar ngeunaan kacindekan dina hasil analisis pahnalungtikan, implikasi jeung rékomendasi pikeun anu maca. Kacindekan didieu eusina mangrupa jawaban jeung hasil pedaran anu aya dina rumusan masalah.

